दिन–रविवार    दिनांक–18.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ    अवधिः–05 मिनट

---

उच्चतम न्यायालय कोलकता के आर.जी.कर अस्पताल मे ट्रेनी महिला डॉक्टर के संग दुष्कर्म आ हत्याक मामिला मे स्वतः संज्ञान लेलक अछि। प्रधान न्यायाधीश डी. वाई. चन्द्रचूड़ के अध्यक्षताबला पीठ मंगल दिन एहि मामिला के सुनवाई करत। एहि घटना के लऽकऽ देश भरि मे विरोध प्रदर्शन जारी अछि।

---

एम्हर, भारतीय चिकित्सा संघ– आईएमए पश्चिम बंगालक आर.जी.कर मेडिकल कॉलेज मामिला मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ स्वास्थ्यकर्मी लोकनिक सुरक्षा के लेल केन्द्रीय कानून आनबाक मांग कयलक अछि। आईएमए कहलक जे अस्पताल सभक सुरक्षा व्यवस्था हवाई अड्डा एहेन चाक–चौबंध हेबाक चाही। श्री मोदी के लिखल पत्र मे आईएमए कहलक अछि जे अस्पताल मे दुष्कर्म मामिलाक जांच निश्चित समय सीमा के भीतर पुरा हेबाक चाही आ पीड़ित पक्ष के शीघ्र न्याय भेटबाक चाही।

---

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो कोलकता मे महिला डॉक्टर के संग भेल दुष्कर्म आ हत्या के आरोपी संजय रॉय के मनोवैज्ञानिक परीक्षण कराओत। एहि क्रम मे दिल्ली स्थित केन्द्रीय विधि विज्ञान प्रयोगशाला के मनोवैज्ञानिक आ व्यवहार परीक्षण विशेषज्ञ लोकनिक दल आवश्यक परीक्षण के लेल कोलकाता पहुँचि गेल छथि। सीबीआई संजय रॉय के पहिनहि हिरासत मे लऽ चुकल अछि। एहि मध्य आर.जी.कर मेडिकल कॉलेज आ अस्पतालक पूर्व प्राचार्य डॉक्टर संदीप घोष सँ सीबीआई पुनः पुछताछ करबाक लेल समन जारी कयलक अछि।

---

कोलकता मे महिला दुष्कर्म घटना के विरोध मे आईएमए के एक दिनक हडताल समाप्त भेला सँ निजी अस्पताल सभ मे स्वास्थ्य सेवा बहाल भऽ गेल अछि। एम्हर, रेजिडेंट

डॉक्टर आ जुनियर डॉक्टर सभक हड़ताल जारी रहबाक कारण पटना एम्स, पीएमसीएच, एनएमसीएच, आईजीआईएमएस सहित राज्यक विभिन्न सरकारी अस्पताल सभ मे ओपीडी सेवा लगातार प्रभावित अछि।

———————————————————————————

गृहमंत्री अमित शाह देश भरि मे सीएए लागू करबाक मोदी सरकारक प्रतिबद्धता दोहरौलनि अछि। अहमदाबाद मे एक कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री शाह कहलनि जे नागरिकता संशोधन अधिनियम– सीएए सँ कोनहूँ धर्मक लोक के नागरिकता समाप्त नहि होयत अछि। ओ कहलनि जे सीएए भारत मे शरणार्थी लोकनि के नागरिकता के संग–संग सम्मान आ न्याय देबाक लेल आनल गेल अछि। ओ कहलनि जे भोट बैंक आ तुष्टिकरणक राजनीति के लेल कांग्रेसक पूर्व सरकार विस्थापित हिन्दु आ आन अल्पसंख्यक लोकनिक सदिखन उपेक्षा कयलक अछि।

———————————————————————————

नेपालक विदेश मंत्री डॉक्टर आरजू राणा देऊवा पांच दिनक भारत यात्रा पर आई नव दिल्ली पहुँचलीह। एहि दरमियान ओ विदेश मंत्री डॉक्टर एस. जयशंकर के संग विभिन्न द्विपक्षीय मुद्दा सभ पर वार्ता करतीह। विदेश मंत्रालय एक विज्ञप्ति मे जनौलक अछि जे डॉक्टर देऊवा के ई यात्रा भारत आ नेपाल मध्य परंपरागत नियमित उच्चस्तरीय विचार–विमर्शक हिस्सा अछि। ई यात्रा दुनू पक्षक मध्य सहयोग आ परस्पर संबंध के आओर मजगूत बनेबाक अवसर उपलब्ध कराओत।

———————————————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कहलनि अछि जे शिक्षा के उद्देश्य मनुष्य के चरित्र निर्माण करब अछि। पटना मे एक कॉलेजक उद्घाटन कार्यक्रम के संबोधित करैत श्री आर्लेकर कहलनि जे राष्ट्रीय शिक्षा नीति मनुष्यक चरित्रक निर्माणक माध्यम सँ राष्ट्र निर्माण मे सहयोग कऽ रहल अछि। ओ अभिभावक लोकनि सँ कहलनि जे ओ अपन बच्चा सभ मे रोजगार लेबाक स्थान पर रोजगार देबाक क्षमता उत्पन्न करथि।

———————————————————————————

पूर्व विधायक सुनील पांडे भाजपा मे सम्मिलित भऽ गेल छथि। पटना मे प्रदेश कार्यालय मे आयोजित एक समारोह मे प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल हुनका पार्टीक

सदस्यता दियौलनि। श्री पांडे के संग हुनक पुत्र विशाल प्रशांत आ कतेको आन समर्थक लोकनि सेहो भाजपा के सदस्यता ग्रहण कयलनि अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय चयन परिषदक तेसर चरणक सिपाही भर्ती परीक्षा आई प्रदेशक पांच सय पैंतालीस केन्द्र सभ पर शांतिपूर्वक सम्पन्न भऽ गेल। सहरसा से हमर संवाददाता जनौलनि जे जिला मे सभ एगारह परीक्षा केन्द्र पर कदाचारमुक्त परीक्षा सम्पन्न भऽ गेल। परीक्षा केन्द्र सभ पर सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल छल। विदित अछि जे सिपाही भर्ती परीक्षा छओ चरण मे आयोजित कयल जा रहल अछि। चारिम चरणक परीक्षा एकैस अगस्त के आयोजित होयत।

———————————————————————————

बेगूसराय अंतर्गत बलिया के तुलसी टोल बांधक लऽग स्नान करबाक लेल गेल एक महिला आ हुनक दू पुत्रि के डूबि गेला सँ मृत्यु भऽ गेलनि। स्थानीय लोकसभक मददि सँ तीनू लहास के बाहर निकालल गेल।

शेखपुरा जिलाक नगर थाना अंतर्गत पचना गाम मे कौरीहारी नदी मे डूबि गेला सँ एक बच्चा के मृत्यु भऽ गेल। स्थानीय लोक सभक मददि सँ दू आन बच्चा के सुरक्षित निकालि लेल गेल।

नवादा जिला मे भारी वर्षा के कारण काकोलत जलप्रपात जलमग्न भऽ गेल अछि। एहि के देखैत प्रशासन सैलानी सभक आवाजाही पर एखन रोक लगा देलक अछि।

मुंगेर मे अंग जनपदक प्रसिद्ध लोक पावनि मंसा विषहरि पूजा उत्साह के संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मंदिर मे श्रद्धालु लोकनिक भीड़ लागल अछि।

गोपालगंज पुलिस अपहृत बालक ऋषभ के सकुशल बरामद कऽ लेलक अछि। हथुआ के एसडीपीओ आनंद मोहन गुप्ता ई जनतब देलनि अछि।

———————————————————————————

समाप्त